



Biwo Grefye Vil la

ALEX GEOURNTAS

Grefye vil la

# Depoze yon demann endemnite nan Vil Boston

Ou ka fè yon demann endemnite kote Vil Boston si ou te blese oswa si pwopriyete w te andomaje. Egzanp yo enkli, men se pa sa sèlman, blesi oswa domaj pa defo wout oswa twotwa oswa yon aksidan avèk yon machin ki posede pa Vil la te koze. Pou fasilite pwosesis demand endemnite w la, tanpri swa itilize Fòmilè Demann endemnite Vil Boston ki anekse a oswa bay tout enfòmasyon yo mande sou fòmilè a .

Ou dwe mete yon frè dosye \$15.00 ak demann endemnite w la, jan Chapit 18-1.3, Seksyon 15 nan Òdonans Vil 2013 yo prevwa sa. Biwo Grefye Vil la aksepte peman sou fòm yon chèk ki fèt pou Vil Boston. Kat debi, kat kredi ak peman kach ka fèt sèlman an pèsòn nan Biwo Grefye Vil la. Si Vil la konpanse w pou demann endemnite w la, Vil la ap ranbouse frè pou dosye sa a.

Tanpri soumèt fòmilè demann endemnite ki anekse a ak tout dokimantasyon bay Biwo Grefye Vil la an pèsòn oswa nan lapòs nan adrès sa a :

*Mèri Devil Boston  
Biwo Grefye Vil la  
Yon Plas nan Mèri Devil, Chanm 601  
Boston, MA 02201  
ATANSYON -Divizyon Demann endemnite*

**Grefye Vil la responsab SÈLMAN pou aksepte depo demann endemnite w la epi li pa gen okenn lòt patisipasyon yon fwa yo voye l bay Sèvis Jiridik Vil la.** Yon fwa ou fin soumèt demann endemnite w la, tanpri bay 6 a 8 semèn pou tretman anvan ou kontakte Sèvis Jiridik la konsènan demann endemnite w la. Ou ka kontakte Sèvis Jiridik la nan 617-635-4034.

***Pou fasilite pwosesis demann endemnite w la:*** (Revizyon Tanpri sonje seksyon anba paj la)

- enkli estimasyon detaye, fakti, resi, tout rapò operatè ak/oswa ensidan
- tout foto domaj machin si li enplike nan yon kolizyon machin
- mete foto menm si w ap chèche sèlman endemnizasyon pou aksidan pèsònèl

***Pou move wout oswa chose*** (Revizyon Tanpri sonje seksyon anba paj la)

- tanpri mete foto ki pi pre ak pi lwen ki montre defo a ak zòn ki antoure a
- foto yo ta dwe montre egzakteman ki kote defo a ye

Vil la mande pou w soumèt premye fòmilè demann endemnite w la sou papye bay Biwo Grefye Vil la pa lapòs oswa livrezon an men. Fòmilè Demann endemnite a disponib sou Entènèt nan [www.boston.gov/cityclerk](http://www.boston.gov/cityclerk). Sepandan, si ou ta renmen bay nenpòt dokiman sipò, tankou foto ak estimasyon, nan fòm elektwonik, kontakte Sèvis Jiridik la omwen senk jou ouvrab (5) apre ou fin soumèt demann endemnite w la pou fè aranjman pou voye dokiman yo elektwonikman.

### **\*\*\*Tanpri sonje\*\*\***

- *Enfòmasyon yo mande ak bay sou fòmilè sa a se pou konsèy jeneral sèlman epi yo pa ta dwe entèprete kòm konsèy jiridik. Si w ta renmen jwenn yon konsèy jiridik konsènan demann endemnite w la, ou ta dwe konsilte pwòp avoka w.*
- *Dapre lalwa, Vil la dwe **resevwa** nan 30 jou apre ensidan an pifò demann endemnite pou blesi oswa domaj ki gen rapò ak defo wout ak twotwa. (Lwa Jeneral MA, Chapit 84)*
- *Vil la dwe **resevwa** nan (2) dezan apre ensidan an tout lòt demann endemnite ki baze sou neglijan. (Lwa Jeneral MA, Chapit 258)*
- *Tout dokiman ou bay ap tounen pwopriyete Vil Boston. Tanpri asire w ou kenbe kopi nenpòt dokiman sa yo pou dosye w yo ak referans alavni.*

## Fòmilè Reklamasyon Vil Boston

TIP DEMANN ENDEMNITE  kolizyon ak machin vil la  oswa defo twotwa

machin ki andomaje nan remokaj  ranbousman remoukaj  lòt

DOMAJ REKLAME  domaj pwopriyete  aksidan pèsònèl

**MOUN KI MANDE ENDEMNITE A** (isi w ap ranpli yon demand endemnité ranplasman, tanpri mete konpayi asirans lan kòm moun ki fè demand endemnité a  
non \_\_\_\_\_ telefòn \_\_\_\_\_

adrès \_\_\_\_\_

Ijmel \_\_\_\_\_

DEMANN ENDEMNITE PA RANPLASMAN SÈLMAN: non moun ki sou asira \_\_\_\_\_ nimewo dosye w la . \_\_\_\_\_

### AVOKA OSWA REPREZANTAN DEMANN ENDEMNITE A

non \_\_\_\_\_ imel \_\_\_\_\_

non ak adrès konpayi \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ telefòn \_\_\_\_\_

### MACHIN MOUN KI MANDE ENDEMNITE A

pwopriyete \_\_\_\_\_ nimewo lisans chofè \_\_\_\_\_

nimewo plak . \_\_\_\_\_ ane \_\_\_\_\_ mak/modèl \_\_\_\_\_

konpayi asirans \_\_\_\_\_ chofè \_\_\_\_\_

pasaje(yo) \_\_\_\_\_

### MACHIN VIL

dat \_\_\_\_\_ lè \_\_\_\_\_ kote \_\_\_\_\_

deskripsyon \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_


\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

dyagram



lapolis  ponpye  Sèvis

Medikal ijans yo entèvni tmoun ki mande endemnité a oswa asire a  ranpli yon rapò operatè  pran foto sèn nan/ domaj la

### DOMAJ

deskripsyon blesi ak/oswa pwopriyete domaje \_\_\_\_\_

\$ \_\_\_\_\_ pou \_\_\_\_\_ ; \$ \_\_\_\_\_ pou \_\_\_\_\_ ; \$ \_\_\_\_\_ pou \_\_\_\_\_ ;

\$ \_\_\_\_\_ pou \_\_\_\_\_ ; \$ \_\_\_\_\_ pou \_\_\_\_\_ ; TOTAL \$ \_\_\_\_\_ ;

### Siyati

Mwen, \_\_\_\_\_ (ekri non ou an lèt detache) afime ke enfòmasyon ki endike anwo yo se verite e konplè selon sa mwen konnen.

Siyati \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_